# O'zbekstan Respublikasi Joqari ha'm Orta Arnawli Bilimlendiriw Ministrligi


**Berdaq atindag'i Qaraqalpaq Ma'mleketlik Universiteti**
**Tariyx ha'm huqiq fakulteti Yurisprudentsiya qa'niygeligi 3-b kurs**


**Puqaraliq protsessi pa'ninen**

# KURS JUMISI

**Tema**: O'zbekstan Respublikasinda notariat


Orinlag'an: Ametova N.
Qabillag'an: Aytmuratova R.


No'kis-2012

# Tema: O’zbekstan Respublikasinda notariat (notarial ha’reketler)

## Joba

I.Kirisiw

II.Tiykarg’i bo’lim:
1-bap. O’zbekstan Respublikasinda notariat
1-§. Notariat tu’sinigi ha’m waziypalari
2-§. Ma’mleketlik notarial mekemelerde ha’m basqa uyimlar ta’repinen a’melge asirilatug’in notarial ha’reketler

2-bap. Shaxslar ha’m pitimlerdi tastiyqlaw boyinsha atqarilatug’in notarial ha’reketler
1-§. Turaq jayg’a baylanisli sha’rtnamalardi ha’m wa’siyatnamani tastiyqlaw
2-§. Notarius ta’repinen orinlanatug’in ayirim notarial ha’reketler

III.Juwmaqlaw

IV.Slaydlar

V.Paydalanilg’an a’debiyatlar dizimi

# Kirisiw

Respublikamiz o'z g'a'rezsizligine eriskennen son' demokratiyaliq huqiqiy ma'mleketti quriw, a'dil puqaraliq ja'miyetti qa'liplestiriw jolinan niq qa'dem taslap, du'nya sherikliginde bekkem orin iyelemekte. Prezidentimiz I.A.Karimov "G'a'rezsizlikke erkinlik haqqindag'i uranlar menen emes, ba'lki siyasiy, ekonomikaliq, ruwxiy mazmun menen toltiriw kerek[1]",- degen edi. Bul g'a'rezlikke erisiw qanshelli mashaqatli bolg'anlig'in este tutqan halda, erisilgen jetiskenliklerde toqtap qalmay ja'miyettin' ha'r bir tarawinda ele de alg'a ilgerilew kerekligin uqtiradi. Usilardan kelip shiqqan halda, ma'mleketiizde ha'r qiyli tarawlarda ken' ko'lemli reformalar a'melge asirilmaqta. Olardin' nizamli tiykari konstitutsiyada sa'wlelengen, onda insan huqiqlari menen erkinliklerinin' u'stinligi, huqiq ha'm a'dil sudlawdi a'melge asiriwg'a qaratilg'an rejeler o'z sheshimin tapqan. Ha'r bir adamg'a o'z huqiq ha'm erkinliklerin sud arqali qorg'aw, ma'mleketlik uyimlar, lawazimli shaxslar, ja'miyetlik birlespelerdin' nizamsiz is-ha'reketleri u'stinen sudqa shag'im etiw huqiqina kepillik berilgenligi haqqinda Konstitutsiyanin' 44-statiyasinda belgilengen.

Prezidentimiz I.A.Karimov insan ha'm ma'mleket arasindag'I qatnasiqlarda insan ma'pleri u'stin boliwi kerekligi, ma'mleket ha'm ma'mleketlik ha'kimiyattin' barliq tarawlari o'z jumisin insan huqiqlarin qorg'aw isine ja'mlegende g'ana o'z waziypasin duris orinlaytug'ini, puqaralardin' ma'pleri menen huqiqlarin sud arqali qorg'aw tarawin mu'mkinshiligi bolg'ansha ken'eytiw da'rkar ekenligin, ayirim taraw nizamlarinda huqiqlari ayaq asti etilgen puqaralardin' shag'imlarin sudlaw joli menen emes, ha'kimshilik joli menen ko'rip shig'iw ta'rtibinin' ushirasip turiwi, bul jag'day Insan huqiqlari pu'tkildu'nyaliq deklaratsiyasina ha'm bizin' konstitutsiyamizdin' talaplarina qayshi keliwin, puqara, eger onin' nizamli ma'pleri ha'm huqiqlari ayaq asti etilgen jag'dayda, harqanday ma'sele boyinsha qorg'aw ushin sudqa mu'rajat etiw huqiqina iye boliwi da'rkar,- dep ko'rsetken edi.

---

[1] I.A.Karimov "O'zbekiston mustaqillikka erishish ostonasida" : T.: "O'zbekiston" NMIU, 2011yil. 355-b.

Puqaraliq isleri menen shug'illanatug'in mekemeler arasinda notariat ayriqsha a'hmiyetke iye. Ol puqaralar ha'm sho'lkemlerdin' huqiqlarin ha'mde yuridikaliq a'hmiyetke iye hu'jjetlerdi tastiyqlaytug'in ha'm bul huqiq ha'm faktlardi tastiyqlaw menen baylanisli ha'reketlerdi a'melge asiratug'in organ bolip esaplanadi. Respublikamizda notarial ha'reketlerdi orinlaw ma'mleketlik yaki jeke a'meliyat penen shug'illanatug'in notarial mekemelerge ju'klengen. Ha'r bir puqara yaki yuridikaliq shaxs notarial ha'reketlerdi a'melge asiriw ushin qa'legen notariusqa murajat etiwge haqili.

Na'zerin'izge usinilip atirg'an kurs jumisimda O'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan Respublikalarinda notariat, notariat tu'sinigi ha'm waziypalari, notariustin' tastiyqlaytug'in pitimleri ha'mde notarius ta'repinen orinlanatug'in basqa da ayirim notarial ha'reketler haqqinda ken'irek mag'liwmat berip o'temen.

## 1-bap. O'zbekstan Respublikasinda notariat
## 1-§. Notariat tu'sinigi ha'm waziypalari

Bu'gingi ku'nde notariat yuridikaliq a'hmiyetke iye bolg'an faktlerdi tastiyqlaytug'in mekeme sipatinda u'lken a'hmiyetke iye. Notariat atamasi latinsha "notarius" so'zinen aling'an bolip, xat jaziwshi xatker ma'nisin bildiredi. O'zbekstan Respublikasinda notariat dep, puqaralar ha'm sho'lkemlerdin' huqiqlarin ha'm yuridikaliq a'hmiyetke iye hu'jjetlerdi tastiyqlaytug'in ha'mde bul huqiq ha'm faktlardi tastiyqlaw menen baylanisli ha'reketlerdi a'melge asiratug'in ma'mleketlik ha'm jeke mekemelerge aytiladi.

Notariat (notarial mekemeler) yuridikaliq faktlardi belgileytug'in ha'm puqaraliq huqiqlari haqqindag'i dawlardi sheshetug'in sud mekemelerinen o'zgeshelenedi. Bul mekemeler puqaralar menen tikkeley ushirasiw joli menen yaki nizamda ko'rsetilgen jag'daylarda hu'jjetlerge muwapiq dawsiz huqiqlardi ha'm yuridikaliq faktlardi tastiyqlaydi.

O'zbekstan Respublikasinda notariattin' sho'lkemlestiriw printsipleri ha'm jumisi O'zbekstan Respublikasinin' Notariat haqqindag'I 1996-jil 26-dekabrdegi nizami, O'zbekstan Respublikasi Ministrler Kabinetinin' Notariat haqqinda shig'arilg'an qararlari ha'm O'zbekstan Respublikasi A'dillik Ministrligi ta'repinen tastiyqlang'an "O'zbekstan Respublikasi notarial mekemeleri ta'repinen notarial ha'reketlerdi orinlaw a'melge asiriw ta'rtibi haqqinda"g'i, "O'zbekstan Respublikasima'mleketlik notarial mekemelerinin' notariuslari ha'm a'meliyat penen shug'illanatug'in notariuslardin' notariat ha'reketlerin a'melge asiriw ta'rtibi haqqinda'g'I 1997-jil 28-apreldegi qollanbasi, O'zbekstan Respublikasi A'dillik ministrligi kollegiyasinin' 1997-jil 28-apreldegi qarari menen tastiyqlang'an "O'zbekstan Respublikasinda ma'mleketlik notarial mekemelerinde jeke a'meliyat penen shug'illanatug'in notariuslardin' is ju'rgiziw ta'rtibi haqqindag'I qollanba ja'ne basqa huqiqiy hu'jjetler menen ta'rtiplestiriledi.[2]

[2] O'zbekistonda notariat (amaliy qo'llanma). –T.: "Adolat", 1998, 3-361 b.

O’zbekstan Respublikasinda notarial ha’reketlerdi orinlaw ma’mleketlik yaki jeke a’meliyat penen shug’illanatug’in notarial mekemelerge ju’klengen. Notarial mekemeler bolmag’an xaliq jasaytug’in orinlarda (punktlarda) ayirim notarial ha’reketler puqaralar jiyinlarinin’ basliqlari (aqsaqallar) ta’repinen a’melge asiriladi.

Shet ma’mleketlerde notarial ha’reketlerdi orinlaw respublika puqaralari ha’m sho’lkemlerdin’ ma’plerin go’zlep O’zbekstan Respublikasinin’ konsulliq mekemelerinin’ notarial ha’reketlerdi a’melge asiriw wa’killigi berilgen lawazimli adamlarg’a ju’klengen.

Notarial mekemeler ha’m qalalar, awillar puqaralari ken’eslerinin’ basliqlari o’z jumisin a’melge asiriwda ha’rekettegi nizamlarg’a, sonin’ ishinde O’zbekstan Respublikasinin’ Puqaraliq, Shan’araq, Puqaraliq protsessual kodekslerine tiykarlanadi. Notarius o’z jumisinda biyg’a’rez bolip, oni a’melge asiriwda O’zbekstan Respublikasinin’ nizam hu’jjetlerine su’yenedi. Notariustin’ ha’reket etiw aymag’I (notarial okrug) O’zbekstan Respublikasinin’ ha’kimshilik-aymaqliq bo’liniwine muwapiq belgilenedi. Rayonlarg’a bo’lingen qalalarda tiyisli qalanin’ pu’tin aymag’i notarial xizmet ko’rsetiw aymag’i bolip esaplanadi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi A’dillik ministrligi yaki tiyisli a’dillik basqarmasi nizam hu’jjetlerinde belgilengen notarial ha’reketlerdi orinlaw boyinsha notarius o’z waziypalarin a’melge asiriwg’a haqili bolg’an aymaqti belgilep beredi. Qaraqalpaqstan Respublikasi A’dillik ministrligi yaki a’dillik basqarmasi aniq jag’daylardi esapqa alip, notariustin’ wa’killikleriha’reket etetug’in aymaqti o’zgertiwi mu’mkin. Ko’rsetilgen aymaq ko’leminde notariustin’ o’z jumis orni boliwi sha’rt.

Ha’r bir puqara yaki yuridikaliq shaxs notarial ha’reketlerdi a’melge asiriw ushin qa’legen notariusqa murajat etiwge haqili. Notariat haqqindag’I nizamnin’ 37, 44, 51, 52, 59, 62, 63, 74, 82 ha’m 93-statiyalarinda na’zerde tutilg’an jag’daylar bug’an kirmeydi. Notariustin’ notarial ha’reketti belgilengen ha’reket aymag’inan tisqarida a’melge asiriwi bul ha’reketti haqiyqiy emes dep tabiwg’a tiykar bolmaydi.

Notarius joq aymaqtag'I wa'siyat qaldiriwshi awir kesel bolg'an jag'daylarda wa'siyatnamani tastiyqlaw ushin notarius o'zi xizmet ko'rsetetug'in aymaqtan tisqarig'a shig'iwg'a haqili (Nizamnin' 16-st.). Notariat jumisina ta'n ayriqsha qa'de sonnan ibarat, notariuslar ha'm notarial mekemelerdin' uyimlardin' basqa xizmetkerleri, uliwma, notariat jumisin a'melge asiriwshilar, o'zleri orinlaytug'in notarial mekemelerdin' uyimlarinin' basqa xizmetkerleri, uliwma, notariat jumisin a'melge asiriwshilar, o'zleri orinlaytug'in notarial ha'reketler haqqinda mag'liwmatlar ha'm hu'jjetlerdi kimlerge tiyisli bunday ha'reketler islengen bolsa, usi shaxslardin' o'zlerine yaki olardin' wa'killerine yamasa nizamda na'zerde tutilg'an jag'daylarda tergew ha'm sudlardin' talaplari boyinsha beredi. Wa'siyatnamalar haqqindag'i mag'liwmatlar ol kimlerdin' paydasina du'zilgen bolsa, usi adamlarg'a wa'siyat qaldiriwshi puqara o'lgennen keyin beriledi.

Notariuslar o'zinin' atinan jeke o'zi ushin, o'zinin' atinan hayali yaki eri atina notarial ha'reketler isley almaydi. Bunnan tisqari notarius usi notarial mekemede jumis isleytug'in xizmetkerler atinan notarial ha'reketler isley almaydi. Bunday qa'deler notarius jumisinda bazi bir jinayatlarg'a jol qoymaw maqsetinde belgilenedi. Ha'rekettegi Notariat haqqindag'I nizamda notarial ha'reket penen shug'illaniw ushin jan'a qa'de belgilengen. Og'an muwapiq notarial jumis penen shug'illanatug'in adam litsenziya aliw kerek. Litsenziya Qaraqalpaqstan Respublikasi A'dillik ministrligi, a'dillik basqarmalari ta'repinen qa'niygelestirilgen komissiyalarinin' qararlari tiykarinda beriledi. Litsenziya beriw ta'rtibi O'zbekstan Respublikasi A'dillik ministrligi ta'repinen belgilenedi. Litsenziya beriwden bas tartqanlig'I u'stinen sudqa Qaraqalpaqstan Respublikasi A'dillik ministrligi, a'dillik basqarmalarinin' qarari aling'an ku'nnen baslap bir ay ishinde shag'im beriw mu'mkin. Litsenziya alg'an, biraq u'sh jil dawaminda notarius lawaziminda jumis baslamag'an puqaranin' qa'niygelik imtixanin qayta tapsirg'annan keyin g'ana notarius lawaziminda qayta islewine ruxsat beriledi (nizamnin' 3-st.).

A'dette, notarial ha'reketler barliq za'ru'rli hu'jjetler tapsirilg'an ku'nnin' o'zinde-aq iske asiriladi. Ayirim jag'daylarda notarius notarial ha'reketlerdi basqa

waqitqa qaldiriwi mu'mkin. Notarial ha'reketti a'melge asiriw qosimsha mag'liwmatlardi talap etip aliw yaki hu'jjetlerdi ekspertizag'a jiberiw za'ru'r bolg'anda keshiktiriliwi mu'mkin. Notarial ha'reketlerdi a'melge asiriw, egerde nizamg'a muwapiqma'pdar shaxslardan usi ha'reketlerdi a'melge asiriwg'a qarsiliq bar yamasa joqlig'in soraw za'ru'r bolg'anda keshiktiriliwi mu'mkin. Notarial ha'reketti a'melge asiriwdi keshiktiriw mu'ddeti 1 aydan aspawi tiyis. Notarial ha'reketti a'melge asiriwdi sorap mu'rajat etken adamnin' talabina muwapiq, og'an notarial ha'reketti a'melge asiriwdi keshiktiriw haqqindag'I qarar beriledi.

Ma'pdar shaxs tastiyqlawdi sorag'an huqiq yaki fakt u'stinde dawalasiw ushin sudqa mu'rajat etiw tilegindegi basqa ma'pdar shaxstin' arzasina muwapiq ha'reketlerdi a'melge asiriw ko'bi menen 10 ku'n mu'ddetke keshiktiriliwi mu'mkin. Eger bul mu'ddet ishinde arza tu'skenligi haqqinda sudtan mag'liwmat alinbasa, notarial ha'reket a'melge asiriliwi tiyis.

Notarius o'zi tastiyqlag'an pitimlerdin', hu'jjetlerdin' tekstleri aniq jaziliwina ha'm heshqanday du'zetiwlerge jol qoyilmawina diqqat awdariwi tiyis. Hu'jjetlerdin' tekstlerindegi ashiq jerler siziladi. Qosimsha jazilg'an jaziwlar bolsa, notarial ha'reketlerde qatnasatug'in shaxslardin' qol qoyiwina  burin eskertip tu'sindiriledi ha'm tastiyqlaw jaziwda ta'kirar esapqa alinadi. Nizamnin' 38-statiyasinda notariuslar notarial ha'reketlerdi a'melge asiriwdan bas tartiwi mu'mkin, eger:

- bunday ha'reketti a'melge asiriw nizamg'a qayshi bolsa;
- bul ha'reket basqa notarius ta'repinen a'melge asiriliwi kerek bolsa;
- qatnasiqqa uqipsiz puqara yamasa za'ru'r wa'killikleri bolmag'an wa'kil notarial ha'reketti a'melge asiriwdi sorap murajat etken bolsa;
- yuridikaliq shaxs atinan a'melge asirilatug'in pitim onin' ustavinda yaki rejesinde ko'rsetilgen maqsetlerge qayshi bolsa;
- pitim nizam talaplarina muwapiq bolmasa;
- notarial ha'reketti a'melge asiriw ushin usinilg'an hu'jjetler nizam hu'jjetleri talaplarina muwapiq bolmasa.

## 2-§. Ma'mleketlik notarial mekemelerde ha'm basqa uyimlar ta'repinen a'melge asirilatug'in notarial ha'reketler

O'zbekstan Respublikasinda Notariat haqqindag'I nizamnin' 23-statiyasina muwapiq ma'mleketlik notarial mekemeler to'mendegi notarial ha'reketlerdi iske asiradi:

1) pitimlerdi tastiyqlaydi;
2) wa'siyatnamalardi tastiyqlaydi;
3) erli-zayiplilardin' uliwma mu'lkindegi u'leske menshik huqiq haqqinda gu'waliqlar beredi;
4) mu'likti basqa adamg'a o'tkeriwdi qadag'an etedi ha'm qadag'an etiwdi biykarlaydi;
5) miyrasqa bolg'an huqiq haqqinda gu'waliq beredi;
6) miyras mu'liktin' qorg'aliwina tiyisli ilajlar qaraydi;
7) hu'jjetler nusqalarinin' ha'm hu'jjetlerden aling'an ko'shirmeledin' durislig'in tastiyqlaydi;
8) hu'jjetlerdin' bir tilden basqa tilge duris awdariliwin tastiyqlaydi;
9) hu'jjetlerdegi qollardin' haqiyqiylig'in tastiyqlaydi;
10) ko'shpes mu'lik ashiq sawdada satip aling'anlig'I haqqinda gu'waliq beredi;
11) puqaranin' tiri ekenligi faktin tastiyqlaydi;
12) puqaranin' belgili jerde ekenligi faktin tastiyqlaydi;
13) puqaranin' fotosu'wrettegi shaxs ekenligin tastiyqlaydi;
14) hu'jjetler usinilg'an waqitti tastiyqlaydi;
15) fizikaliq ha'm yuridikaliq shaxslardin' arzalarin basqa yuridikaliq ha'm fizikaliq shaxslarg'a tapsiradi;
16) aqsha summalari ha'm qimbatbahali qag'azlardi depozitke qabillaydi;
17) hu'jjetlerdi saqlaw ushin qabillaydi;
18) aqsha to'lew ushin cheklerdi usinadi ha'm chekler boyinsha aqsha to'lenbegenligin tastiyqlaydi;
19) atqariw xatlarin jazadi;

20) veksellerdin’ protestlerin iske asiradi;

21) ten’iz protestlerin iske asiradi;

22) notarial tastiyqlang’an hu’jjetlerdin’ dublikatlarin ja’ne reestrlerden ko’shirmelerdi beredi.

Ma’mleketlik notarial mekemelerinde isleytug’in notariuslar nizamda na’zerde tutilg’an basqa notarial ha’reketlerdi de a’melge asiriwi mu’mkin.

Jeke a’meliyat penen shug’illanatug’I notarius yuridikaliq shaxs bolip tabiladi. Ol o’z mekemesine iye boliw, bankta esap beti ha’m basqa esap betlerin ashiw, menshik ha’m menshik emes huqiq ha’m minnetlerge iye boliw, xizmetkerler menen miynet sha’rtnamalarin du’ziw ha’m olardi toqtatiw, tu’sken da’ramatti jumsaw, sudta o’zinin’ atinan qatnasiw ha’m nizam hujjetlerinde na’zerde tutilg’an basqa ha’reketlerdi a’melge asiriwg’a haqili.

Jeke a’meliyat penen shug’illaniwshi notariuslar Ja’miyetlik birlespeler haqqindag’I nizamda belgilengen ta’rtipte du’ziletug’in notarial palatag’a birigiwi mu’mkin.

Ma’mleketlik notarial mekemeler bolmag’an elatli punktlerde, qala, poselka ha’m awillarda Notariat haqqindag’I nizamnin’ 25-statiyasina muwapiq to’mendegi notarial ha’reketlerdi a’melge asiradi:

1) wa’siyatnamalardi tastiyqlaydi;
2) isenim xatlarin tastiyqlaydi, avtotransport qurallarin basqariw ha’m jumsaw haqqindag’I isenim xatlar bug’an kirmeydi;
3) miyras mu’liktin’ qorg’aliwina tiyisli ilajlardi qaraydi;
4) hu’jjetlerdin’ nusqalarinin’ ha’m hu’jjetlerden aling’an ko’shirmelerdin’ durislig’in tastiyqlaydi, mag’liwmat haqqindag’I hu’jjet nusqalari bug’an kirmeydi;
5) hu’jjettegi qoldin’ haqiyqiylig’in tastiyqlaydi.

Joqarida ko’rsetilgen notarial ha’reketlerdi orinlaw ta’rtibi O’zbekstan Respublikasi Ministrler Kabinetinin’ qarari menen tastiyqlang’an Instruktsiya menen iske asiriladi.[3]

[3] O’zbekistonda notariat (amaliy qo’llanma). –T.: “Adolat”, 1998, 211-230-b.

Notariusliq waziypani orinlaw huqiqi berilgen lawazimli adamlar o’zleri tastiyqlag’an wa’siyatnamalardin’ bir nusqasin wa’siyatshi turaqli jasaytug’in jerdegi ma’mleketlik notarial mekemesine saqlaw ushin keshiktirmey tapsiriwi tiyis.

O’zbekstan Respublikasi konsulliq mekemelerinin’ konsullari to’mendegi notarial ha’reketlerdi a’melge asiradi:

1) pitimlerdi (sha’rtnamalar, wa’siyatnamalar, isenim xatlar h.b.) tastiyqlaydi, O’zbekstan Respublikasindag’I turaq jaylardi basqa adamg’a o’tkeriw ha’m girewge qoyiw haqqindag’I sha’rtnamalar bug’an kirmeydi;
2) puqaranin’ tiri ekenligi faktin tastiyqlaydi;
3) puqaranin’ belgili jerde ekenligi faktin tastiyqlaydi;
4) puqaranin’ fotosu’wrettegi adam ekenligin tastiyqlaydi;
5) hujjetler usinilg’an waqitti tastiyqlaydi;
6) miyras mu’liktin’ qorg’aliwina tiyisli ilajlardi qaraydi;
7) miyrasqa bolg’an huqiq haqqinda gu’waliqlar beredi;
8) erli-zayiplilardin’ uliwma mu’liktegi u’leske mendhik huqiqi haqqinda gu’waliqlar beredi;
9) hu’jjetlerdin’ nusqalari ha’m hu’jjetlerden aling’an ko’shirmelerdin’ durislig’in tastiyqlaydi;
10) hu’jjetlerdegi qollardin’ haqiyqiylig’in tastiyqlaydi;
11) hu’jjetlerdin’ bir tilden basqa tilge duris awdariliwin tastiyqlaydi;
12) aqsha summalari ha’m qimbat bahali qag’azlardi depozitke qabillaydi;
13) saqlaw ushin hu’jjetlerdi qabillap aladi;
14) atqariw xatlarin jazadi;
15) ten’iz protestlerin a’melge asiradi.

O’zbekstan Respublikasi mekemelerinin’ konsullari nizamlarda nazerde tutilg’an basqa notarial ha’reketlerdi de a’melge asiradi (Nizamnin’ 28-st.). eger wa’siyat qaldiriwshinin’ O’zbekstan Respublikasinda turaqli ma’kan jayi bolmasa yaki onin’ ma’kan jayi na’ma’lim bolsa, wa’siyatnama O’zbekstan Respublikasi A’dillik ministrligi belgileytug’in ma’mleketlik notarial mekemesine jiberiledi.

Ma’mleketlik notarius saqlaw ushin kelip tu’sken wa’siyatnamani tekserip qarawi ha’m onin’ nizamg’a muwapiq emesligi aniqlang’an jag’dayda, bul tuwrali wa’siyat qaldiriwshig’a ha’m wa’siyatnamani tastiyqlag’an lawazimli shaxsqa ma’limlewi sha’rt. Notarial ha’reketlerdi orinlawda notariuslar biyg’a’rez jumis alip baradi ha’m tek nizamg’a boysinadi.

Ma’mleketlik notarius puqaralardin’ ha’m sho’lkemlerdin’ huqiqlarin ha’m nizamli ma’plerin qorg’awda olarg’a ja’rdem ko’rsetedi ha’msonin’ menen birge puqaralardin’ nizamnan biyxabarliqlari ha’m usig’an usag’an basqa jag’daylar olardin’ ziyanina qaratilmaw ilajin qaraydi.

Notarius notarial ha’reketti orinlaw waqtinda ayirim lawazimli shaxslar yaki puqaralar ta’repinen nizamshiliq yaki ja’miyetlik qa’deleri buzilg’anlig’in yaki ja’miyetlik sho’lkemlerdin’ jumisindag’I iri kemshilikler bar ekenligi aniqlasa, usi nadurisliqlar ha’m kemshiliklerdi saplastiriwg’a qaratilg’an za’ru’r ilajlardi qaraw ushin bul tuwrali tiyisli mekemeler, sho’lkemler basshilarina yaki prokurorg’a xabarlaydi.

## 2-bap. Shaxslar ha'm pitimlerdi tastiyqlaw boyinsha atqarilatug'in notarial ha'reketler

### 1-§. Turaq jayg'a baylanisli sha'rtnamalardi ha'm wa'siyatnamani tastiyqlaw

Turaq jay quriw ushin jer maydanin mu'ddetsiz paydalaniwg'a beriw haqqinda ha'kimiyat penen imarat quratug'in puqara arasindag'I sha'rtnamani tastiyqlawda notarius imarat quriw ushin ajiratilg'an jer ushastkasinin' rejesi, eger ko'p kvartirali turaq jay qurilatug'in bolsa, qurilisi tastiyqlang'an joybari, jer ushastkasin ajiratiw haqqinda ha'kimiyattin' qararlarinan ko'shirmelerdi tekseredi.

Jeke ta'rtipte turaq jay quriwda turaq jay maydanina bolg'an huqiqtan jergilikli ha'kimiyattin' qarari menen qaysi puqarag'a ha'm onin' shan'araq ag'zalarina jer maydani ajiratip berilgen bolsa, tek usi adamlar g'ana paydalanadi.

Turaq jay quriwda imarat quratug'in adam ushin bo'ten adamlardin' imarat quriwda qatnasiwi imaratqa tiyisli iyelik huqiqinaliw ushin olarg'a tiykar bolmaydi. Turaq jay quriw ushin jer maydanin mu'ddetsiz paydalaniwg'a beriw haqqindag'i notarial tastiyqlang'an sha'rtnamanin' sha'rtlerin o'zgertiw, sonin' ishinde imarat quriwda qatnasiw ha'm keyin ala qurilg'an turaq jayg'a sherik boliw ushin basqa adamlardin' shaqiriliwi, tek imarat quriwshinin' kelisimi menen ha'm jer maydanin ajiratqan ha'kimiyattin' arnawli qarari menen g'ana boliwi mu'mkin. Bunday o'zgerisler tek da'slepki sha'rtnamani biykarlaw ha'm ol jan'a sha'rtnama du'ziw yaki da'slepki sha'rtnamag'a onin' sha'rtlerinin' o'zgertilgenligi tiyisli ra'wishte ra'smiylestiriledi. Bunday hu'jjet ha'kimiyat bo'liminin' wa'kili ha'm imarat quriwshilar ta'repinen qol qoyiliwi ha'm notarial ta'rtipte tastiyqlaniwi tiyis.

Go'nergen, to'men awhalg'a tu'sken turaq jaydin' ornina jan'a turaq jay quriw ushin jer maydanin ajiratiw haqqinda sha'rtnama du'ziw talap etilmeydi. Bunday jag'daylarda imarat quriw ushin imaratti qayta tiklew za'ru'rligi tuwrali rayon ha'kimiyatinin' qarari, usinday imarattin' tiyisli ta'rtipte tastiyqlang'an joybari ha'm imarat quriw ushin ruxsat talap etiledi.

Turaq jaylar quriw ushin jer maydanlarinin’ beriliwi haqqindag’I sha’rtnamalar O’zbekstan Respublikasi A’dillik ministrligi ta’repinen tastiyqlang’an “O’zbekstan Respublikasi ma’mleketlik notarial mekemelerinin’ notariuslari ha’m jeke a’meliyat penen shug’illanatug’in notariuslardin’ notarial ha’reketlerdi a’melge asiriw ta’rtibi haqqindag’I Qollanba” nin’ 37-40-punktlerinde ko’rsetilgen ta’rtipte tastiyqlanadi. Ma’selen, jeke menshik huqiqi tiykarinda turaq jay quriw ushin jer maydanlarin beriw haqqindag’I sha’rtnamalar jer maydani ajiratip berilgen jerdegi notarial mekemelerde tastiyqlanadi.

Puqaralar ha’m sho’lkemler arasinda du’ziletug’in sha’rtnamalar ha’m basqa pitimlerdin’ durislig’I ha’m nizamg’a muwapiq boliwin ta’miynlew maqsetinde ayirim sha’rtnamalardin’, atap aytqanda, turaq jaylardi satip aliw-satiw, sawg’a etiw, almastiriw, o’mirboyi saqlaw sha’rti menen tapsiriw haqqindag’I sha’rtnamalardin’ notarial ta’rtipte tastiyqlaniwi talap etiledi. Bunday ta’rtiptin’ ornatiliwi sha’rtnamalardin’ du’ziliw fakti ha’m onin’ mazmuni ma’seleleri boyinsha ta’repler arasindag’I o’z-ara qatnasiqlardin’ ashiqtan-ashiq duris boliwin ta’miynlewge ja’rdem beredi. Du’zilgen sha’rtnamalar boyinsha daw shiqqan jag’dayda pitimlerdin’ notarial ta’rtipte ra’smiylestiriliwi sha’rtnama qanday mazmunda du’zilgenligin ha’m basqa jag’daylardin’ tastiyqlaniwin jen’illestiredi. Eger notarial ta’rtipte tastiyqlang’an sha’rtnamanin’ nusqasi jog’alg’an bolsa, bunday jag’dayda ma’pdar shaxs sha’rtnamanin’ dublikatin ko’rsetiwi mu’mkin. Atap aytqanda, sha’rtnamanin’ notarial ra’smiylestiriliwi sebebinen bir ta’rep ekinshi ta’reptin’ ma’pine ziyan tiygize almaydi.

Notarial ta’rtipte tastiyqlang’an sha’rtnamalar boyinsha ta’replerdin’ birewi ekinshisine belgili aqsha toplawg’a yaki qandayda bir zatti tapsiriwg’a ma’jbu’r bolg’anlig’I ma’lim bolsa, minnetleme iqtiyarli ra’wishte orinlanbag’aninan notariustan atqariw xatin aliwg’a boladi. Turaq jaylardi satip aliw-satiw sha’rtnamalarin ha’m basqa ayirim sha’rtnamalardi du’ziwde pitimler a’lbette notarial ta’rtipte ra’smiylestiriliwi talap etiledi.

Puqaralar ta'repinen du'ziletug'in pitimlerdi tastiyqlawda notarius to'mendegi hu'jjetlerdi talap etedi:

1) iyelik huqiqin tastiyqlaytugin hu'jjetler (texnikaliq passport, pritsepler ushin texnikaliq talon, keme bileti, keme gu'waliq, kamerali agregat ha'm avtomashina bo'lekleri ushinMa'mleketlik avtomobil inspektsiyasi sho'lkemi ta'repinen berilgen belgilengen formadag'I mag'liwmatlar);
2) eger avtotransport qurali neke dawaminda satip aling'an bolsa, turmis joldasinin' kelisimi;
3) bul pitimler tuwisqan bolg'an adamlar arasindadu'ziletug'in bolsa, tuwisqanliqti tastiyqlaytug'in hu'jjetler;
4) ma'mleketlik baji to'leniwi haqqinda kvitantsiya.

Eger pitim (ma'selen, avtomashinani birewge sawg'a etiw haqqindag'I pitim) basqa bir pitimdi, yag'niy mashinani satip aliw-satiw haqqindag'I pitimdi jasiriw maqsetinde du'zilse, bunday jag'dayda ta'replerdin' haqiyqattanda na'zerde tutilg'an pitimge tiyisli, yag'niy avtomashinani satip aliw-satiwg'a tiyisli qa'deler qollaniladi.

**Wa'siyatnamalar** notarial ta'rtipte tastiyqlang'an jag'daylarda g'ana haqiyqiy esaplanadi. Wa'siyatnamalar wa'siyat qaldiriwshinin' ma'kan jayindag'I notarial mekemede tastiyqlaniwi mu'mkin.

Notariuslar qatnasiqqa uqipli puqaralardin' nizam hu'jjetleri talaplarina muwapiq du'zilgen ha'm olardin' o'zleri notariusqa jeke using'an wa'siyatnamalardi tastiyqlaydi.

Notariuslar wa'siyatnamani biykarlaw haqqinda arza alg'an jag'dayda, sonday-aq, wa'siyatnamani biykarlaytug'in yaki o'zgertetug'in jan'a wa'siyatnama alg'an jag'dayda wa'siyatnamanin' notariusta saqlanip atirg'an nusqasina ha'm notarial ha'reketlerdi dizimge aliw reestrine bul haqqinda belgi qoyadi. Wa'siyatnamani biykarlaw haqqindag'I arzag'a qoyilg'an qol notarial tastiyqlaniwi tiyis. Wa'siyatnamalardin' wa'killer arqali tastiyqlaniwina jol qoyilmaydi.

Puqara o'lim jag'dayin na'zerde tutip, o'zinin' mu'lki haqqinda tek qatnasiq uqibina iye bolg'anda g'ana buyriqlar qaldiriwg'a, yag'niy wa'siyat etiwge haqili

boladi. Ha’r bir puqara o’zinin’ barliq mu’lkin yaki onin’ bir bo’legin qa’legen shaxsqa, sonin’ ishinde, ma’mleketke yaki ma’mlekettin’ ayirim sho’lkemine yaki ja’miyetlik sho’lkemine wa’siyat etiwi mu’mkin.[4]

Wa’siyatti tastiyqlawdan burin notarius PK 1142-statiyasinin’ mazmunin wa’siyat etiwshige tu’sindiriwi tiyis. Miyras qaldiriwshinin’ jasi jetpegen yaki qatnasiqqa, miynetke uqipsiz balalari (sonday-aq perzentlikke aling’anlari da), sonday-aq, marhumnin’ miynetke uqipsiz ku’yewi yaki hayali, ata-anasi (perzentlikke aliwshilari) ha’m qaramag’indag’I adamlar, wa’siyattin’ mazmunina qaramastan, nizam boyinsha miyras alg’anda olardin’ ha’r birine tiyisli bolg’an u’lestin’ keminde u’shten eki bo’legi ko’leminde miyras (ma’jbu’riy) aladi. Ma’jbu’riy u’lestin’ ko’lemin aniqlaw waqtinda a’piwayi u’y u’skeneleri ha’m ruwizgershilik buyimlarinan ibarat miyras mu’liktin’ bahasi da esapqa alinadi.

[4] Sh.Shorahmedov O’zbekstan Respublikasi Puqaraliq Protsessual huqiqi, -T.2005 404-405-b.

## 2-§. Notarius ta'repinen orinlanatug'in ayirim notarial ha'reketler

Ayirim jag'daylarda ma'mleketlik uyimlarg'a yuridikaliq a'hmiyetke iye ayirim arzalar, ko'rsetpeler ha'm basqa hu'jjetler tu'siwi mu'mkin. Bunday jag'daylarda hu'jjetke tap usi hu'jjette ko'rsetilgen adam ta'repinen qol qoyilg'anlig'in tastiyqlaw za'ru'r boladi. Hu'jjettin' qabillaniwinda ma'mleketlik uyim, og'an qol qoyg'an puqarani shaqiriw joli menen hu'jjettegi qoldin' durislig'in ha'mme waqit tekseriw imkaniyatina iye bolmaydi. Sebebi puqara basqa jerde jasag'anlig'I yaki biytaplig'I sebebinen usi sho'lkemge bara almawi mu'mkin. Usinday jag'daylardi na'zerde tutip, notarial mekemelerge qollardin' haqiyqiylig'in tastiyqlaw waziypasi ju'klengen. Notarial mekemeler, eger hu'jjettin' mazmuni nizamg'a qayshi bolmasa, hu'jjetke qoyilg'an qoldin' haqiyqiylig'in tastiyqlaydi.

Eger puqaralar qanday da bir jag'daydin' ju'z bergenin tastiyqlap, arza yaki basqa hu'jjetlerge qol qoyg'an bolsa, usi qollardin' haqiyqiylig'I tastiyqlanbaydi. Sebebi bunday hu'jjetlerdi arnawli ma'mleketlik uyimlar, sonin' ishinde, puqaraliq jag'dayi aktlarinjaziw uyimlari g'ana tastiyqlay aladi.

Hu'jjetke puqara notariustin' qasinda qol qoyadi. Eger hu'jjetke notarial mekemeden tisqari jerge qol qoyilsa, hu'jjetke qol qoyg'an adam qoldi o'zi qoyg'anlig'in tastiyqlap beriwi kerek. Notarius hu'jjetke qol qoyg'an puqaranin' jeke mag'liwmatin tekseredi, qoldi atstiyqlaw haqqindag'I hu'jjetke qol qoyg'an adamnin' familiyasi, ati, a'kesinin' ati ko'rsetiledi.

Puqaralar yaki sho'lkemler o'zleri bergen qandayda bir arzanin' ra'smiy ra'wishte tastiyqlaniwinan ma'pdar bolsa, bunday arza notarial mekeme arqali beriliwi mu'mkin. Sebebi uliwma u'lesli mu'lik iyelerinen birewi o'z u'lesin satiwdi qa'legende bul haqqinda arzanin' basqa sheriklerine notarial mekeme tastiyqlawi menen bildiriwi mu'mkin.arzalar notarial mekemege ma'pdar shaxs ta'repinen 3 nusqada beriledi. Notarius arzanin' mazmunina muwapiq boliwin tekseredi ha'm bul arzada nizamg'a qayshi heshqanday mag'liwmatlar joq

ekenligin aniqlag'anda g'ana tekseriw ushin qabillaydi. Notariusqa tapsirilg'an arzalardin' arzanin' nusqalarinan birewi onda ko'rsetilgen adamg'a tapsiriladi yaki poshta arqali jiberiledi. Ekinshi nusqasi notarial mekemede qaldiriladi. U'shinshi nusqasi bolsa (arza beriwshi qa'lese), usi arzanin' tapsiriw ushin qabillang'anin tastiyqlap, arza beriwshinin' qolina beriledi.

Notarius fizikaliq ha'm yuridikaliq shaxslardin' arzalarin alip, basqa fizikaliq ha'm yuridikaliq shaxslarg'a tapsiradi. Arza tapsirg'anlig'in tapsirg'anlig'in ma'limlew sha'rti menen poshta arqali jiberiledi yaki tikkeley yaki tiyisli shaxslarg'a qol qoydirip tapsiriladi. Arzalar telefaks, kompyuter tarmaqlari ha'm basqa texnikaliq qurallardan paydalanip ta jiberiliwi mu'mkin. Arzalardi jiberiw ushin texnikaliq qurallardan paydalaniwg'a jumsag'an qa'rejetlerdi notarial ha'reketti a'melge asiriwdi sorag'an adam to'leydi.

Eger minnetlemenin' na'rsesin, ma'selen aqsha yaki qimbatbahali qag'azlardi kreditorg'a, onin' bul aqsha, qimbatbahali qag'azlardi qabillawdan bas tartqanlig'I yaki kreditordin' bolmawi yamasa orinlawdi qabillawg'arazi bolg'an wa'kildin' bolmawi sebebinen tapsiriw mu'mkin bolmag'anda – qarizdar tiyisli aqshalardiyaki qimbatbahali qag'azlardi kreditorg'a tapsiriw ushin notarial mekemenin' depozitine tapsiriw minnetlemesinin' orinlaniwi tu'rinde qaraladi. Qarizdar minnetti orinlaw boyinsha minnetleme na'rsesin, ma'selen, qariz summasin notarial mekemenin' depozitine tapsiriwi menen minnetlemenin' keshiktiriliwi aqibeti ushin belgilenetug'in juwapkershilikten, ma'selen ziyandi to'lewden, neustoyka ha'm protsentler to'lewden qutiladi.

Notarius nizam hu'jjetlerinde na'zerde tutilg'an jag'daylarda kreditorg'a tapsiriw ushin qarizdardan depozitke aqsha summalarin ha'm qimbatbahali qag'azlardi qabillaydi. Notarius aqsha summalari ha'm qimbatbahali qag'azlar kelip tu'skenligi haqqinda kreditorg'a xabarlaydi ja'ne onin' talabi boyinsha og'an tiyisli aqsha summalari ha'm qimbatbahali qag'azlardi tapsiradi.

Notarial mekemenin' depozitine aqsha summalari yaki qimbatbahali qag'azlardi tapsiriw niyetinde bolg'an qarizdar qariz to'leniwi tiyis bolg'an jerdegi notarial mekemege bul haqqinda jazba yaki awizeki arza menen mu'rajat etiwi mu'mkin.

Arzada o'zinin' ati, ma'kan jayi, minnetli narse kim ushin depozitke qoyilatug'in bolsa, usi adamnin' ati ha'm keyingi ma'nzili, qanday sebep boyinsha aqshanin' to'leniwi ha'm islengen esaplar ko'rsetiledi. Minnetlemeni tikkeley orinlaw mu'mkin bolmawinin' sebebi ko'rsetiledi.

Notarius aqsha yaki qimbatbahali qag'azlardi depozitke qabillawda olardin' qanday tiykar boyinsha depozitke qoyiliwin teksermeydi. Notarial mekemenin' depozitine aqsha yaki qimbatbahali qag'azlar qoyg'an adamg'a olardin' qabillang'anlig'I haqqinda kvitantsiya beriledi. Eger qarizdar qasindag'I qariz hu'jjetine o'zi aqshanin' depozitke qoyilg'anlig'I haqqinda xat jaziliwin o'tinish etse, notarius bunday o'tinishti qanaatlandiriw mu'mkin. Notarial mekeme kreditorg'a onin' atina aqsha tu'skenligi haqqinda xat jazliwin o'tinish etse, notarius bunday o'tinishti qanaatlandiriwi mu'mkin. Notarial mekem kreditorg'a onin' atina aqsha tu'skenligin ma'limleydi ha'm kreditordin' talabi boyinsha og'an usi aqshani tapsiradi.

Depozitke tapsirg'an aqsha ha'm qimbatbahali qag'azlar, olardi tapsirg'an adamg'a (qarizdarg'a) qaytariliwina tek kreditordin' kelisimi bolg'anda g'ana yaki sud qarari boyinsha jol qoyiladi.

Depozitke qoyilip, puqaralarg'a ha'm sho'lkemlerge tapsiriliwi tiyis bolg'an summalar nizam hu'jjetlerinde belgilengen mu'ddetlerde saqlanadi.

Depozitke tapsirilg'an ha'm joqarida ko'rsetilgen mu'ddetler dawaminda talap etip alinbag'ansummalar respublikanin' ma'mleketlik byudjetine o'tkeriledi.

Notarial mekemeler ma'pdar shaxslardin' o'tinishleri boyinsha olardin' tiriligi yaki ma'lim jerde boliwi haqqinda gu'waliqlar beriwi mu'mkin. Notarial mekemege jasi jetpegen balalardin' tiriligi haqqinda olardin' ata-analarina, perzentlikke alg'anlarg'a ha'm qa'wenderlerge gu'waliq beriledi. Bunday jag'daylardin' tastiyqlaniwi ayirim jag'daylarda, sonin' ishinde, aliment aliwshi balanin' tiri bolmawi haqqinda ma'sele qozg'alganda oni ma'lim jerde jasag'anin, biydarek jog'alg'an dep tabiw ha'm o'lgen dep ja'riyalaw haqqindag'I arza sudta ko'rilgende puqaranin' tiriligi haqqindag'I mag'liwmatlardi jetkiziw za'ru'r.

O'zbekstan Respublikasi nizam hu'jjetlerinde puqaraliq isinin' sudta qaraliwi ushin za'ru'r da'lillerdin' keyin ala tapsiriliwi mu'mkin emesligi yaki qiyin ekenligi tuwrali qa'wiplengen adam notarial mekemeden da'lillerdin' ta'miynleniwin o'tinish etiwi mu'mkin. Bunday jag'daylarda notarius gu'walardan soraw, jayin barip qaraw, ekspertti shaqiriw joli menen belgili jag'daylardi aniqlaw ilajlarin qaraydi.

Da'lillerdi ta'miynlew boyinsha islengen ha'reketler haqqinda notarius tiyisli da'lillew xatin du'zedi. Og'an gu'walardin' ko'rsetpeleri, jaydin' qaraliwi na'tiyjesinde aling'an mag'liwmatlar jaziladi.

Da'lillerdi ta'miynlewde notarius puqaraliq isleri boyinshaqatnasatug'in ha'r eki ta'repti shaqiradi. Ekinshi ta'repti shaqirmay, da'lillerdi ta'miynlewge tek keshiktiriliwi mu'mkin bolmag'an jag'daylarda g'ana yaki keyin ala puqaraliq dawa kim ta'repinen ha'm kimge qoyiliwin aniqlaw mu'mkin bolmag'anda g'ana islenedi. Notarial mekemeler da'lillerdi ta'miynlew ilajlarin tek puqaraliq isi sudta qozg'aliwina shekem ko'redi. Eger puqaraliq isi sudta qozg'alg'an bolsa, da'lillerdi ta'miynlew ilajlarin sudtin' o'zi qaraydi. Bank ta'repinen berilgen ssudalardin' o'ndiriliwi yaki ta'miynleniw na'rsesi bolg'an yaki girew na'rsesi bolg'an imaratlardin' birewlerge o'tkeriliwine jol qoymaw maqsetinde (bul haqqinda islengen o'tinish boyinsha) notarius imaratlarg'a arrest saliwg'a, xatlawg'a haqili. Sebebi notarius ssuda bergen bank, ka'rxana yaki sho'lkemnin' o'tinishine muwapiq puqaranin' imaratina arrest saliwi mu'mkin. Ssuda summasinin' toliq to'lengenligi haqqinda xabar aling'annan son' notarius arestti biykarlaydi. Girewge qoyilg'an imaratqa arrest saliw qandayda bir sha'rtnamanin' orinlaniwin ta'miynlew maqsetinde islenedi. Bul haqqinda imarat jaylasqan orindag'I kommunal xojaliq bo'limi xabardar etiledi.

Hu'jjetlerdin' saqlaniwin ta'miynlew maqsetinde notarius usi hu'jjetlerdi eki nusqada du'zilgen dizim menen saqlaw ushin qabil etedi. Notarial mekeme ta'repinen saqlaw ushin qabil etilgen hu'jjetler diziminin' ekinshi nusqasi notarius tilxati menen birge hu'jjet iyesine qaytariladi.

# Juwmaqlaw

Mine elimiz ma’mleketlik g’a’rezsizlikke eriskenine de 21 jil tolmaqta. Usi sa’ne bizden uzaqlasqan sayin bul shinliqtin’ mazmun-ma’nisin ja’ne de teren’ an’lap barmaqtamiz. En’ a’hmiyetli jetiskenliklerden biri sol, adamlardin’ oylawi, sanasi o’zgerdi, waqiya-ha’diyselerge qalis tu’rde, a’dillik penen o’z bahasin bermekte.

Respublikamiz Prezidenti Islam Karimovtin’ 2010jil 12-noyabrde O’zbekstan Respublikasi Oliy Majlisi Nizamshiliq palatasi ha’m Senatinin’ qospa ma’jlisinde “Ma’mleketimizde demokratiyaliq reformalardi ja’nede teren’lestiriw ha’m puqaraliq ja’miyetin rawajlandiriw kontseptsiyasi” temasinda so’ylegen dokladinda Watanimiz, xalqimizdin’ mine usi tariyxiy qisqa bir da’wirde erisken u’lken jen’isleri ha’r ta’repleme teren’ analiz etilip berildi. Jurtbasshimiz bul haqqinda aytar eken, to’mendegi tsifrlarg’a ayriqsha itibar qaratti. Da’slep, g’a’rezsiz rawajlaniwimiz dawaminda O’zbekstanda jalpi ishki o’nimnin’ o’siwi 3,5 eseni, xaliq jan basina esaplag’anda bolsa 2,5 eseni, xaliqtin’ real da’ramatlari 3,8 eseni qurag’ani ayriqsha atap o’tildi. A’sirese, ja’miyetlik-gumanitar tarawda erisilgen jen’isler – xaliqti sotsialliq qorg’aw ushin bag’darlang’an ma’mleketlik qa’rejetlerinin’ 5 ese ko’beygeni, turmis da’rejesinin’ sezilerli ra’wishte jaqsilang’ani ha’m bunin’ na’tiyjesinde analar o’limi 2 eseden ko’birek, balalar o’limi 3 ese kemeygeni, adamlardin’ortasha o’mir su’riwi 67 jastan 73 jasqa, sonin’ ishinde, hayallardin’ ortasha o’mir su’riwi 75 jasqa jetkenin atap o’tti.[5]

O’z na’wbetinde puqaraliq ma’selelerin tastiyqlaw boyinsha notarial ha’reketler tarawinda da birqansha reformalar a’melge asirilmaqta. Bizge belgili, ha’r bir puqara yaki yuridikaliq shaxs notarial ha’reketlerdi a’melge asiriw ushin qa’legen notariusqa mu’rajat etiwge haqili. Ha’rekettegi Notariat haqqindag’I nizamda notarial ha’reket penen shug’illaniw ushin jan’a qa’de belgilengen. Og’an

[5] I.A.Karimov “Ma’mleketimizde demokratiyaliq reformalardi ja’ne de teren’lestiriw ha’m puqaraliq ja’miyetin rawajlandiriw kontseptsiyasi”, O’quv-uslubiy qo’llanma T.2010 3-bet.

muwapiq, notarial jumis penen shug'illanatug'in adam litsenziya aliwi kerek. Litsenziya alg'an, biraq 3 jil dawaminda notarius lawaziminda jumis baslamag'an

puqaranin' qa'niygelik imtihanin qayta tapsirg'annan keyin g'ana notarius lawaziminda islewine ruxsat beriledi. Yuridikaliq a'hmiyetke iye bolg'an faktlerdi tastiyqlaw ha'm basqa ayirim yuridikaliq ha'reketlerdi orinlaw haqqindag'I qa'deler O'zbekstan Respublikasinin' Notariat haqqindag'I nizami ha'm qollanbalarinda berilgen.

O'zbekstan Prezidenti o'z dokladinda "erten'gi ku'n talaplarinan kelip shiqqan halda, ma'mleketimizdi reformalaw ha'm modernizatsiya etiw jolindag'i izshil ha'reketlerimizdi ku'sheyttiriwimiz, olardi jan'a, ja'ne de joqari basqishqa ko'teriwimiz da'rkar"lig'in aytip o'tti.

Juwmaqlap aytqanda, joqarida sanap o'tilgen jetiskenliklerimizge tan' qalip, tek usilar menen sheklenip qalmastan ba'lki watanimiz rawajlaniwi ushin ha'r bir tarawda jan'a ideyalar, paydali reformalardi a'melge asiriwda dawam etiwimiz maqsetke muwapiq boladi.

# Paydalanilg’an a’debiyatlar dizimi


1. I.A.Karimov “O’zbekstan g’a’rezsizlikke erisiw qarsan’inda” –T.: “O’zbekiston”, 2011.
2. I.A.Karimov **“Ma’mleketimizde demokratiyaliq reformalardi ja’nede teren’lestiriw ha’m puqaraliq ja’miyetin rawajlandiriw kontseptsiyasi”,** O’zbekstan Respublikasi Oliy Ma’jlisi Nizamshiliq palatasi ha’m Senatinin’ 2010-jil 12-noyabrdegi qospa ma’jlisindegi bayanati. –T 2010.
3. O’zbekistonda notariat (amaliy qo’llanma). –T.: “Adolat”, 1998
4. O’zbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi –T 2008.
5. O’zbekiston Respublikasi Fuqarolik protsessual kodeksi –T 2008
6. O’zbekiston Yuridik entsiklopediyasi –T.: “Adolat” 2010
7. Sh.Shorahmedov